तौं आकर्णण कर ई हमर अंगुठी पश्चात् राजाक आज्ञानुसार परपुरुष अववारक अभाव प्रतिज्ञा वाक्य सहित से वेश्या यावत से अंगुठी ग्रहणार्थ हस्त क्षेपण कयल तावत से मन्त्र प्रभाव सौं जल सौं उठल पुरुष परिमाण अग्नि से पुन वेश्या दग्धहस्ता सन्ता ताहिस्थल सौं पडाइलि सभासद लोक आश्चर्य्य २ कहि साधुवाद कयल राजापुन लज्जा सौं कलंकित मुख ब्राह्मणाक शाप भय सौं ब्राह्मणाक चरण अनुसरण कयल ब्राह्मण तौं शुद्ध हृदय सुख सौं अपनेय कोप राजाक तेहनो अपराध क्षमा कयल।

विद्यानामुत्तमा वेदा षड्भि रङ्गै समन्विताः ।
विद्याविदाञ्च सर्व्वेषां ज्यायान् जगति वेदवित् ॥ ७

इतिवेदविद्यकथा ॥

अथलोकविद्यकथा ॥

लोककर्म्मणि यो दक्षो विद्ययाऽपि विनाभवेत् ।
फाले सविद्यसादृश्याल्लोकविद्य स उच्यते ॥ १

आसीत्कुसुमपुरे नन्दोनाम राजा तस्य कायस्थः सकटारो नाम मन्त्री बभूवसच केनचिदपराधेन सर्व्वस्वं गृहीत्वा सपुत्रकलत्रोराज्ञा काराऽगारे निःक्षिप्तः तत्राऽपितस्मै सपरिवारायैकशरावपरिमिता एव निम्बशक्तवः प्रतिदिनं भक्ष्यत्वेन दीयन्तेतद्दृष्ट्वा तेन सकटारेण परिवारे

भाषानुवाद ॥

दोहा ।

विद्या मैं विद्योत्तमा वेद षडङ्ग समेत ।
वैदिक पुनि विद्वान मैं श्रेष्ठ स्वधर्मनिकेत ॥ ७

इतिवेदविद्यकथा ।

अथलोक विद्यकथा ।

दोहा ॥

लोककर्म्म मैं दक्षले विद्या विनु सभठाम ।
फलसविद्य का दृश्यसौं लोक विद्य छोनाम ॥ १

छलकथि पटना मैं नन्दनामक राजा तनिक कायस्थ सकटारनामकमन्त्री छलाह्सेतनिका पुन कोनो अपराध सौं सर्व्वस्व हरण कय सपरिवार को कारागार मैं स्थापित,कयल ततह तनिलोक कां एक सरवा परिमित निम्बक सातु भोजनार्थ प्रतिदिन देथिनि सेदेखि

प्रभिहितंयदयं राजाचाण्डालहृदयो विनाऽपराधेनाऽस्मान् दुःखन्द त्वा घातयति शरावमात्रशक्तुभिः सर्व्वेषा माहारसिद्धिः सम्भवत्येव न। तत स्स खादतु शक्तुशरावं योऽस्य वैरप्रत्युद्धारे समर्थो भवति। परिवार रुक्तं आर्य्य यदि भवान् जीवति तदा परमेतस्य वैरस्य परीवारसंहारतमस्य प्रत्युद्धार स्सम्भवति तत स्सकलपरिवाराणा मनु रामर्षेण सकटार एव तदन्नं खादित्वा स्वकीयजीवं रचितवान्। तस्य परिवारा मृता एव एकदा स राजानन्दः प्रस्त्रावगृहात् स्मितं कुर्व्वन् बहिर्ब्बभूव तं हसन्तं दृष्ट्वा पानीयपरिचारिका तदानी न्तत्राऽवस्थिता विचक्षणानाम्नी चेटीजहास। तां हसन्ती मवलोक्य। राजोवाच। रे विचक्षणे कुतो हससि। विचक्षणोवाच। यतो देवो हसति। राजोवाच। मया कुतो हस्यते। विचक्षणोवाच। देव तदहं न जानामि। राजोवाच। आः पापे कपटिनित्वयैवोक्तं यतो देवो हसति ततोऽहमपि हसामि त्वमेवाभिदधासि यत्तदहं देवस्य हासकारणं न जानामि

भाषानुवाद।

सकटार परिवार कें कहल जों ई राजा चाण्डालहृदय विना अपराधहि दुःख दयदय प्राणान्त करैछथि एक शरवा परिमित शातु मात्रसौं सब व्यक्तिक आहार सिद्धि सम्भवे नहि ततय सेखाय शातु शरवा परिमित निश्चरसबोरल जेहिनक वैर प्रत्युद्धारमें समर्थ होथि परिवारलोक कहल। हे आर्य्य जों अपने जिबयित रहब तों पुन परिवार संहार सन्तप्तवैरक प्रत्युद्धार सम्भवी थिक ततय सकल परिवार विचारसौं सकटार सैह से अन्न खाय अपन जीवक रक्षा करयित भेला तनिक परिवार सबपरलोक प्राप्त भेल। एक समय सेराजा नन्द स्नव प्रकागृह कों स्मित मुख वह रयलाह तनिकां हसैत देखिपानि देनिहारि दासी विचक्षणा नामक्रि ताहि समय ततयछलि सेहो हसलि। राजा देखि पुछल रेविचक्षणा कियक हसैतछैं। विचक्षणा कहल। जें अपनै महाराज हसलछ। राजा कहल हम कोकारणसौं हसलछ। विचक्षणा कहल महाराजसे हम नहि जनैछी। राजा सकोपकहल। आःपापिनि कपटिनि घपनहि तो कहलें अछि जेकारणसो अपनें हसलछ। पुन कहैछें हासकारण हम नहि जनैछी ईको अमरहि आगां परस्पर विरोधी वचनें

किमेतन्मामाऽपि पुरतः परस्परविरोधिना वचनेन कथयसि यदि स्व
हितमिच्छसि तदा कथय सत्वरं मम हासबीजं नो चेत्तदा शान्तिं करि
ष्यामि ततो राजकोपभीतया भणितं देव सद्यः कथयितुं न शक्नोमि
एकमासाऽभ्यन्तरे कथयिष्यामि ततो लब्धाऽवधिः सा दासी चिन्तया
मास । यत्सुबुद्धिपरामर्शपरिच्छेद्यमेतत् ततः सुबुद्धिं कमपि पृच्छामि
सुबुद्धिषु प्रथमगणनीयः सकटारः स चेदानीं भागधेयदोषतः कारा
गृहे विद्यते ततस्तमेव गत्वा पृच्छामीति परामृष्य तत्र च कारागृहे
दुःखदुर्बलं सकटारं मिष्टान्नपानैः परितोष्य तद्वृत्तान्तमपृच्छत् ।
सकटार उवाच । विना देशकालानुसारिणा प्रकरणज्ञानेन
परिच्छेत्तुं न शक्यते राज्ञः स्मितकारणं तदवसरं कथय । विचक्ष
णा चाऽवसरं कथितवती । सकटार उवाच । त्वं कथयसि यन्मूत्रप्रवा
हं दृष्ट्वाऽश्वत्थवृक्षं पश्यन् स राजा जहास तर्हि पूर्वदृष्टस्य कस्याऽपि
वस्तुनः स्मरणं न हासनिमित्तं तदानीं तद्दृष्टिमनसोर्हं चाऽऽसक्तत्वा

भाषानुवाद ।

कहैछें । जों अपन कल्याण क इच्छा होअ तों कह शीघ्र हमरा हसीक हेतु नहि तों एकर
शान्ति करबो । राजाक कोपवचन भीता विचक्षणा कहल । महाराज सद्यः नहि कहि
सकैछी एकमासोन्तर विचारि कहब । राजा सों पावि अवधि चिन्ता करयित भेलि दासी
सबुद्धिलोकक साध्य एकर उत्तर ततय सबुद्धि ककरहु पुछीअ सुबुद्धि गणना कोटि में
प्रथम गणनीय सकटार छथाह से एहि समय भाग्यक अधीन कारागार में छथि । ततय
तनिकहि जाय पुछिअैनि ई विचारि ततय जाय कारागृहमें दुःख दुर्ब्बल सकटारकों
मिष्टान्न पानसों सन्तुष्टकय ओवृत्तान्त पुछयिति भेलि । सकटार कहल विनादेश काल
ज्ञानसों प्रकरण ज्ञान विना कोना कहिसकब ॥ राजाक स्मित कारण । तकर अवसर कह ।
विचक्षणा अवसर कहल । सकटार कहल तो कहैछें मूत्रप्रवाह देखि पिपर गाछ
देखयित राजा हसलाह । तों पूर्व्व दृष्टवस्तु कोनो हासक कारण नहि तखन दृष्टि मनक

न् प्रकृत एव वृक्षधर्म्मो न हास्यनिमित्तं हास्यस्य वस्तुविकृतिदर्शनमन्य
त्वात् तत्किं दृष्टं विकृतं राज्ञाऽश्वत्थवृक्षे अतो ज्ञातं मूत्रप्रवाहे वह
दश्वत्थबीजं क्षुद्रतरं दृष्ट्वा तदङ्कुरं महापरिमाणवृक्षं पश्यन् परामृष्ट
वान् राजा यदहो वैकृत्यं धातुःप्रपञ्चस्य क्व देवबीजं क्वाऽयंतरुः तत स
त्यमेवेति हसितं भूपालेन पुनः पुनः परामृश्य सकटार एतदेवेति नि
र्द्धारितवान् अब्रवीत्। विचक्षणाच तदेव वचनं गत्वा राज्ञः पुरस्तादुक्त
म्। राजोवाच। विचक्षणे सत्यं कथय सकटारो जीवन् वर्त्तते। विचक्ष
णोवाच। अथ किं राजोवाच। कोऽन्य स्सकटारादिदं निर्द्धारितु मलं
भवति अहो तर्क स्सकटारस्य तत स्तर्कं परितुष्टेन राज्ञा सकटारं पुन
रानीय सन्मानपात्रं कृत्वा राज्यचर्च्चायां मन्त्रिराक्षसस्य द्वितीयः कृतः
सकटार स्तुना म्पदवी मासाद्य चिन्तयामास अहो दुर्न्नीति रस्य रा
ज्ञः सकलपरिवारं हत्वा मामेव मन्त्रिपदव्यां स्थापयति मूल मुच्छिद्य
दले जलन्ददाति॥ तथाहि

उत्कटं वैर मासाद्य पुनः सौहृद मिच्छति।
यमपत्तनयात्रायां स पन्थान मवेक्षते ।२॥

भषानुवाद॥

वृक्षआसक्ति सो प्रकृत वृक्षधर्म नहि हास्यहेतु हासकाँ वस्तु विकृति दर्शन हेतु थिक सेको देखल विकृत वस्तु राजापिपर वृक्षमें ईहेतु जानलगेल मूत्रप्रवाहमें वहल पिपरक बीज क्षुद्रतर देखि ताहीसौं उत्पन्न महागोट वृक्ष देखयित विचार करयितभेला राजा महा आश्चर्य वैकृत्य विधाता प्रपंचक कतय ईबीज कतयईवृक्ष ताहिसौं उत्पन्न एहीकारणा सौं राजा हसलाह पुनपुन विचारि सकटार सैह निश्चितकय कहल। विचक्षणापुन सैह वचन जाय राजाक आगां कहल। राजाकहल हेविचक्षणा सत्य कहु सकटार जिवतहि छथि। विचक्षणा कहल। अतः परकी। राजाकहल सकटार विना केआन एहि विषयक निश्चय करयित आश्चर्य तर्क सकटारक ततय तर्कं परितुष्ट राजा सकटारकाँ पुन आनि सन्मान पात्र कय राज्य चर्चामें मन्त्रिराक्षसक द्वितीय मन्त्रीकयल सकटार पुनसे पदवी पावि चिन्ता करयित भेला एहि राजाक दुर्नीति आश्चर्य हमर सकल परिवार मारि हमरहि पुन मन्त्री पदवी मैं स्थापल मूल उपाडि पत्रमें पानि दैछथि हेतु॥

दोहा

कयकँऊ उत्कट वैरजे चाहथि सुहृद दसलाह
यमपुरयात्रा पथपुछव तेहन मन अभिलाह।२

कथम्वा ममाऽपि मनः प्रत्येति दुष्टाऽऽश्रयेऽस्मिन् यतः

दृष्टा वैरक्रिया यस्य पुरापर्य्यन्तगामिनी।

तस्मिन् विश्वास मायान्तं मृत्यु र्जिघ्रति मस्तके॥ ३॥

तदिदानीं किमुचितं पुरातन मस्य वैर मिदानीञ्च सौहृदं चिन्त यन् संदिग्धचित्तोऽस्मि किं करवाणि अथवा वैरोद्धारार्थमेव तदपि जीवनं स्वीकृतं यदाऽनेन दुरात्मना कुस्वामिना पश्यतो मम पुत्रादयो हताः। तद्यथा

रुष्यंस्त्वं गतमेव गच्छतु नृपं मानि न्न सा मादृशां

लक्ष्मीश्च स्थितिचञ्चलैव सुधियः शोचन्ति के ताङ्गताम्।

ते पुत्रा स्सदसि प्रगल्भवचस स्ता स्सानुरागाः स्त्रियो

नष्टाः किल तेच तेच शिशव स्ते तोन मुञ्चन्तिमे। ४॥

भाषानुवाद।

कोना हमरो मन विश्वास करत एहि दुष्टाश्रय में॥

दोहा॥

वैर क्रिया जनिकर सकलि देखल उत्कट कष्ट।

इनि विश्वासी पुरुष शिर मृत्यु सूँघ जनु स्पष्ट॥ ३

तो एखन की उचितपूर्व्ववैर किनक संप्रति सुहृद्दता चिन्ता करैत सन्देहालुचित्तहम कीकरू अथवा वैरोद्धार मात्र प्रयोजन सौं जीवन स्वीकार कयल जे हेतु ईदुरात्मा स्वामीक देखतहि हमर पुत्रादि हतभेल।

चौपाई॥

जे सर्व्वस्व नृपति हरिलेल मन न मलिन किछु गेल से गेल।

लक्ष्मी गेली सोच न आव इनकर ईथिक सहज स्वभाव॥

सभा प्रगल्भ वचन से तनुज से से नाति मनोहर मनुज।

पति अनुरागिनि गेली नारि मनसौं हम नहि छोड़ब टारि॥ ४

तद्वैर मवश्य मुद्धरणीय न्तद्याऽप्यपयशो विनिवार्य्य वैर मप्युद्ध्रियते दुत्युचितं भवति तेनाऽधमपुरुषपदवी न प्राप्यते । तथाहि

पापात्त्रस्यति य स्स एव पुरुषस्त्वा दुत्तमो भूतले
पापात्माऽपि बिभेति योऽपयशस स्स ज्ञायते मध्यमः ।
चासौ यस्य न पातका दपि नवा लज्जाऽपवादादपि
प्रज्ञानैर्ङ्गिरुदाहृतोऽय मधम स्सर्व्वैश्च निन्द्यास्पदम् ॥ ५ ॥

इति चिन्तयन्नेव स मन्त्री कदाचि दारामदर्शनकुतुकेन तुरगारूढो भ्रमन्पुराद्बहिः कियत्यऽपि दूरे कुशा नुत्खाय कुशमूले त क्रन्ददान मेकं चाणक्यनामानं ब्राह्मणं ददर्श तं दृष्ट्वा सकटारउवाच । वटो हे कस्त्वं किमत्र कुरुषे । ब्राह्मणउवाच ॥ चाणक्यशर्म्मा ब्राह्मणो ऽहं साङ्गवेद मधीत्याऽनेन पथा विवाहार्थितया गच्छतो मम कुशाङ्कुरे ण पादक्षतं कृतं तेन क्षतेन विवाहभङ्गाऽसमर्पित स्तत्प्रतिज्ञातदानऽस्मि

भाषानुवाद ॥

तनिक वैरकउद्धार अवश्य करणीयो तथापि अपयशक निवारण कयवैरोद्धारो समुचित होइछ तेहि सौं अधम पुरुष पदवी प्राप्ति नहि दर्शित करैछथि ।

चौपाई ।

पापक जानिकाँ अतिशय त्रास । सैहो उत्तम धर्म्म प्रकाश ॥
पापात्मा पुन अपयश भीति । मध्यम पुरुष ताहि कह नीति ॥
अप यश पापहु जैन डेराव । अधम अलज्ज से नाम धराय ॥
सब खल निन्दा शुनिलहु कान । खलता उद्यम हुनक प्रधान ॥

ई चिन्ता करयित ओ मंत्री कदाचित् उपवन दर्शन कुतूहल सौं अश्व चढल भ्रमणकर यित नगर बाहर कतोक दूर कुशमूल कोडि ताहि मैं तक्रसौं पटवैत एक चाणक्यना मक ब्राह्मण कां देखइत भेला । तनिकां देखि । सकटार कहल । बटोही अहाँ कैं एहाँ की एतय करैछी ब्राह्मण कहल । चाणक्य शर्म्मा ब्राह्मण हम साङ्गवेद पढि विवा ह प्रयोजन सौं जाइत कुशांकुरैं हमर पयर मैं चोत भेल ताहि चत प्रतिबन्धै विवाह

तदस्याः स्वल्पाः कुशं निर्म्मूलङ्करिष्ये ततो वृद्धायुर्व्वेदाधिगमा दय मुपायः सुकरो निर्द्धारितः यत्तक्रेण कुशा विनश्यन्तीति तथा समाचरन् पूर्णप्रतिज्ञो भवामि । सकटार उवाच । दृष्टः भवता वृद्धायुर्व्वेदाधिगमः कृतो नोचेत्प्रतिज्ञापूरणं कथंस्यात् । चाणक्य उवाच । यदत्र मुपायो नस्यात् तदाऽभिचारकर्म्मणि प्रविष्टोऽस्मि कुशविनाशनकामनया होम मेवाऽकरिष्यं तदाऽऽकर्ण्य सकटार श्चिन्तयामास । अहो अस्य ब्राह्मणस्यामर्षश्च अहो उपायप्रवीणता यद्यत्र मम वैरिणो वैरी भवति तदाहं वैरोद्धारकर्म्मणि विना आयासेनैव कृतार्थो भवामि ततः सकटार स्तत्समीहितं स्वकीयसहायेन कुशोन्मूलं कृत्वा तं ब्राह्मणं स्वकीय मागारं नीतवान् ॥

पश्चात् पुरोधसा समं संप्रधारणां विधाय राज्ञः पितृक्षयाहश्राद्धे तत्पात्रत्वेनोपनीतवान् परामृष्टवांश्च यदयं ब्राह्मणोऽकृतविवाहः कपिलः श्यावनखदन्तश्च पात्राऽनर्ह एव विशेषतो ममाऽधिकारविरोधिना मन्त्रि

भाषानुवाद ।

भंग भेल तें अमर्षित हमप्रतिज्ञाकयल जे एहि स्वल्पक कुश निर्म्मूल करब ततय वृद्धा युर्व्वेद विज्ञान सौं निर्द्धारित कयल सुलभ उपाय तक्रसौं कुश नाश हो ई । तेहन कय पूर्ण प्रतिज्ञ हम हयब । सकटार कहल । नीक अहांकआयुर्व्वेद में परिश्रम कयल नहि तौं प्रतिज्ञा पूरण कोनगत होईत । चाणक्य कहल । जौं उपाय नहि रहैत तौं अभिचार कर्म्ममे प्रवीण हम कुश विनाश कामना मे होमे करितहुं । से सुनि सकटार चिन्ताकरयित भेला आश्चर्य एहि ब्राह्मणक अमर्ष आश्चर्य उपाय प्रवीणता जौं ई हमर वैरीक वैरी होइतथि तौं हम विना आयासहिंवैर उद्धार कर्म्मक मैं कृतार्थ होइतहुं ततय सकटार तनिक इच्छित अपन सहायता सौं कुशउन्मूलन कय ताहि ब्राह्मणकें अपन गृह अनयित भेला ॥

पश्चात् पुरोहितक सङ्ग मेल कराय राजाक पितृक्षयाहश्राद्ध में तत्पात्रत्वें उपस्थित कराओल विचार कयल जौं ई ब्राह्मण अविवाहित कपिल श्यावनखदन्त पात्रयोग्य नहि विशेषें हमर अधिकार विरोधी मन्त्रिराक्षस सौं हमर आनल जानि निश्चय अपमा

राक्षसेन ममोपन्यस्तोऽयमिति निश्चित मपमानयितव्यः । पश्चात्तथैव नन्दराज्ञि श्राद्धं कर्त्तुं मुद्यते ब्राह्मणे पात्रासनविषये च । मन्त्रिराक्षस उवाच । देव नाऽयं ब्राह्मणः पात्रयोग्य इत्यभिधाय तत्साधकानि स्मृतिवाक्यानि पठितवान् सकटारः शूद्रोयं मूर्खश्च कथ मिद मनुसन्धाय राज्ञो धर्म्मबाधं कुरुते तस्य मंत्रिराक्षसस्य वचनं श्रुत्वा जाताऽमर्षेण नन्देन दुर्द्दैवदेशितेन पात्रासना दवतार्य्य साधिक्षेपं ब्राह्मण श्चाणक्यो बहि र्निस्सारितः । ततश्च स च्चाणक्य तथाविधापमानक्रुद्धं नन्दवधे कृतप्रतिज्ञं विधाय सकटारो मन्त्री कृतकृत्यं देहत्यागार्थं वाराणसीं जगाम तथाहि ॥

विचक्षणपरिज्ञाता चाणक्यश्च परीक्षितः ।
बुद्ध्यैव सकटारेण वैर मुद्धृत मप्रता ॥ ५

॥ इति लोकविद्रकथा ॥

भाषानुवाद ॥

नित चयताहे । पश्चात् तैहि तरह नन्दराजा पितृ श्राद्ध आब आरम्भ कयल पात्रासनस्थ चाणक्य ब्राह्मण सन्ता । मन्त्रिराक्षस कहल । हे महाराज नहि ई ब्राह्मण पात्रयोग्य ई कहि तकर साधक स्मृति वचन पढिदेल । सकटार मूर्ख श्रो शूद्र कोना ई अनुसन्धान कय राजाक धर्म्म नाश करैछ । मन्त्रिराक्षसक वचन सुनि राजा उत्पन्न अमर्ष सौं दुर्द्दैवक प्रेरणासौं पात्रासन सौं उतरवाय साक्षेप वचनकहि ब्राह्मण चाणक्यका बाहर निष्कासि देल ततय पुनि से चाणक्य तेहन अपमान सौं क्रुद्ध नन्दराजवधार्थ कयल संकल्पक विधानसै कय सकटार मन्त्री कृतकृत्य देह त्यागार्थ काशी जायित भेला ॥

दोहा ॥

केवल बुद्धि प्रभाव सौं कयलनि वैरोद्धार ।
वधघाता चाणक्य मिलि कायथ से सकटार ॥

॥ इति लोकविद्रकथा ॥

अथोभयविद्यकथा ॥

वेद मभ्यसतो यस्य मति र्लोके न हीयते ।
वेदे लोके चयो दक्ष स्स स्या दुभयपण्डितः ॥ १

तद्यथा आसीत्कुमुदपुरे नन्दो नामराजा तेन पितृक्षयाहावऽसरे श्राद्धं करिष्यमाणो सचिवदोषा च्चाणक्यशर्म्मानामब्राह्मणः पात्रत्वेनाऽऽहूय प्रकोपितः तथाहि ॥

वृथैव नन्दभूपेन चाणक्यः पात्रवीकृतः ।
आहूय ज्ञानदौर्ब्बल्या त्कालसर्प्पः प्रकोपितः ॥ २

तत श्चाणक्यः प्रतिज्ञातवान् ॥

यावन्न प्रहिणोमि नन्द मवनीनाथं यमस्याऽऽलये
यावन्नैव नृपं करोमि वृषलं तस्यैव सिंहासने ।
यावद्राक्ष स मन्त्रिराक्षस महंनाऽऽमात्यता मानये
मुक्ता स्मुद्धि शिखा न्न तावदयसे बध्नामि चैनाम्पुनः ॥ ३

भाषानुवाद ।

अथोभयविद्यकथा ॥

दोहा ॥

वेद शास्त्र अभ्यासि जे लोकहु में मति धीर ।
वेदहु लोकहु दक्ष जे उभय विद्य से धीर ॥

कहलहथि कुमुद पुर में नन्द नामक राजा से पिताक क्षयाह श्राद्ध करितहि मंत्री दोष सौं चाणक्य शर्म्मा नामक ब्राह्मण कौं पात्रत्वै संगवाय कुपित करलाहोक ।

दोहा ।

वृथा नन्द भूपाल की अरि चाणक्य बनाय ।
ज्ञानहीन सौं अति कुपित काल भुजङ्ग जगाय ॥ २

तैतय चाणक्य प्रतिज्ञा कयल ।

यावत नन्द महिप अन्याय । यम पत्तन हम दिय पठाय ।
तनिसिंहासन वृषल नरेश । यावत करब न जानत देश ॥
यावत मंत्री राक्षस नाम । नहि सु अमात्य करब एहिठाम ॥
तावतशिखा न बन्धन करब । तावत नहि सुकर्म्म संचरब ॥

एवंकृत प्रतिज्ञान श्चाणक्य श्चन्द्रगुप्तनामानं राजवृषलं द्वारि दृष्ट्वाऽवोचत् रे वृषल त्वं मदग्राऽरिन्नाज्ये राजा भवितु मिच्छसि तदा मा मनुगच्छ वृषल स्तथाविधमुभादिष्टप्रेरित स्त मनुजगाम चाणक्य स्तु तेन वृषलेनाऽनुगम्यमान स्तपोवनं गत्वाऽभिचारकेन होमेनाऽविनन्दान् यमनिकेतनं नीतवान् तत स्तस्याऽभिचारप्रयोगप्रभावेन नष्टेषुनन्देषु चाणक्य श्चिन्तयामास ॥

यदेयका प्रतिज्ञा नाव त्समपूर्णा तदिदानीं चन्द्रगुप्तवृषलं नन्दसिंहासने राजानं कृत्वा द्वितीयां पूरयामि । राजाच विना सेनया युत स भवति सेनाच धनाऽधीना संप्रति मम हस्ते धन न्नास्ति किं करवाणि ततः परामृश्य पर्व्वतेश्वरं राजानं उपसृत्योवाच । राजन् पर्व्वतेश्वर कुमारोऽयंचन्द्रगुप्तो मया कुसुमपुरे राजा कर्त्तव्यः ततो भवानेवं स्वबलै रुपष्टभ्याऽर्द्धं राज्यं गृह्णातु पर्व्वतेश्वरस्तु नन्दवधे दृष्टानुभावश्च चाण

भाषानुवाद ।

एहन प्रतिज्ञा कयल चाणक्य द्वारस्थ चन्द्रगुप्त नामक राजवृषल मुरानापितिपुत्र कें देखिकहल । रे वृषल जों एहि राज्यमें राजा हयवाक इच्छा होअ तों हमर सङ्ग आ वृषल तेहन शुभा दृष्ट प्रेरित तनिकें सङ्ग तपोवन मे * जाय अभिचार होमसों नन्द सभका यमपुर यात्रा करवाओल ततय तनिक अभिचार प्रयोग सों नन्द नष्टभेला चाणक्य चिन्ता करयित भेला ॥

जों एक प्रतिज्ञा तावत पूरलि तखन एखन चन्द्रगुप्त वृषल कां नन्दक सिंहासन पर राजा कय द्वितीयप्रतिज्ञा पूर्णा करी राजा पुन विना सेना सों सम्भव नहि सेना पुन धनक अधीना संप्रति हमर हस्तगत धन नहि की करू ततय विचारि पर्व्वतेश्वर राजाक निकट जाय कहल । हे राजा पर्व्वतेश्वर राजकुमार चन्द्रगुप्त कां हमरा पटनाक राजा कर्त्तव्य अछि तें अपने सेनाक साहित्य कय दैलजाय लेलजाय आधा राज्य अपनहु । पर्व्वतेश्वर राजाकांपुन श्री चाणक्य चिनहार अभिचार प्रयोगसों नन्दराजाक संहारसों वि

* मिथिला मे नदारी ग्राम है दरभंगा सहर सों ६ मील उत्तर अभिचार प्रयोग स्थानएही छा ॥

कथञ्चोद्यमे फलसिद्धौ जातप्रत्ययः सकलबलसहितः चन्द्रगुप्तद्वितीयं नन्दपथे कुसुमपुरं कृत्वा राजानं चकार। लब्धराज्ये चन्द्रगुप्ते राक्षसनियुक्तेन पुरुषेणोपायनीयकृतां सुन्दरीं चन्द्रगुप्तपुरतो नृत्यन्तीं तदीय श्रमजलपानघूर्णमानाभिर्मक्षिकाभिर्विषकन्येयमिति परिचिन्त्य चिन्तयामास यदियं विषकन्या चन्द्रगुप्तवधाय राक्षसेन परद्वारा प्रहिताऽस्ति तदनयैवार्द्धराज्यहरस्य पर्व्वतेश्वरस्य वधो भवतु तदनन्तरं तां विषकन्यां तस्मै पुरुषद्वारा पर्व्वतेश्वराय दापितवान् तस्याश्च सम्भोगलुब्धं तपस्विपर्व्वतेश्वरे मृते चन्द्रगुप्तस्य निःशत्रुकं राज्यं कृत्वा चाणक्यः पुनश्चिन्तयामास तदियं द्वितीया प्रतिज्ञा मम पूर्णा तदिदानीं मलयकेतोर्भूपालस्य राज्याद्राक्षसमानीय चन्द्रगुप्तस्य मन्त्रितां ग्राहयित्वा।

पूर्णप्रतिज्ञो भवामि तदर्थं मयि कृत एवास्त्युपायः यद्राक्षसस्य प्रियमित्रं चन्दनदासो दसत्येव तस्य स्थाने गृहिणीजना सन्त्येव तस्माच्च पद्

भाषानुवाद ॥

प्रवास चन्तस्वाक मानि से राजा अङ्गीकार कयल चाणक्यक अभीष्ट कयाक। सेना सहित पर्व्वतेश्वर राजा पटना जाय चन्द्रगुप्त कां ततय राजा कयल राजा चन्द्रगुप्त भेला सन्ता मन्त्रिराक्षेव नियुक्त पुरुष सौं उपायन कयलि सन्दरी चन्द्रगुप्त राजाक आगां नृत्यालय मे नृत्य करय लागलि। तनि वेश्याक शरीर स्वेदजलपान सौं घूर्णमाना मक्षिका निपतिता भूमिमे देखि से चाणक्य चिन्हि तर्क सौं बुझल विषकन्या ई थिकि चन्द्रगुप्त नाश निमित्त मन्त्रिराक्षस अन्यद्वारा पठाओल अछि एहिसौं अर्द्ध राज्य हारी पर्व्वतेश्वरक बध हो। तदुत्तर से विषकन्या ताहि पर्व्वतेश्वर कां पठवाय देल तकर सय्योंग लोभी पर्व्वतेश्वर तपस्वी मृत सन्ता। चन्द्रगुप्तक निष्कण्टक राज्य कय चाणक्य पुन चिन्ता कयल जो ई द्वितीया प्रतिज्ञा पुरलि तौं एखन मलयकेतु राजाक राज्यसौ मन्त्रि राक्षस कैं आनि चन्द्रगुप्तक मन्त्री बनावी॥

तखन प्रतिज्ञा पूर्णहयत तदर्थ उपाय कयलेसन अछि मन्त्रि राक्षसक मित्र चन्दनदास एतहि बसितहि छथि तनिक गृहमे मन्त्रिराक्षसक स्त्रीलोक अछिये ततयसौं धर्म्मपट

धारिणा पुरुषेण राक्षसनामाङ्किता मुद्रा समानीय दत्ता सा राक्षसहस्ताङ्गुलीगतैव तया मुद्रयाङ्कितं सकटदासलिपिभूषितं पत्रं मलयकेतुं सेव्यमानस्य मम सहाध्यायिमित्रस्य भागुरायणस्य हस्ते प्रविष्टमेव सकटदासोऽपि सनिःकारं मया निस्सारितो राक्षसमनुवर्त्तत एव भद्रभटप्रभृतय शूराः परमाप्ताः समयकृत्यकुशला मयार्थेन परितोषिताः कृत्रिमविरोधं कृत्वेतः पलायिताः संप्रति मलयकेतौ विश्वासपात्राण्येव विद्यन्ते अवश्य मेतेनलिखनेन तैः पुरुषै रस्मिन्नवसरे मलयकेतोः सुहृद्भेदकारिणा भवितव्यं तदेवं सम्पन्ने कारणकलापे कार्य्यसिद्धिरपि सम्पन्न प्राया। यतः

सम्पन्ने कारणव्राते कार्य्यं सम्पद्यते परम्।
प्रतिबद्धा यदा धाता नथा दुर्लभचेष्टितः। ३॥

धातापि सम्प्रत्यनुकूल एव लक्ष्यते यतः।

भाषानुवाद।

धारी पुरुष राक्षस नामांकित अंगुठी आनिदेलक से राक्षस मन्त्रिक कराङ्गुलीक थिकि तन्नामांकिता अक्षिये सकटदास लिखल पत्र मलयकेतु राजाक सेवक हमर सहाध्यायि मित्र भागुरायणक हाथ पडवे करत सकटदास का हम धिक्कार दय निष्कासल से राक्षस मन्त्रिक अनुव्रजन में छथि भद्रभटआदिजे शूर परम हित हमर समयानुसार कार्य्य कर्त्ता हमरा धनसौं सन्तुष्ट कृत्रिम विरोध काय एहि स्थलसौं श्रोतय गेल छथि एखन मलयकेतुक विश्वासपात्र भेलछथि अवश्य तेहि लिखनसौं ताहि पुरुष सबकौं सुहृद भेद भइये जायत तेहन सम्पन्न भेला सन्ता कार्य्यसिद्धि सेहो सम्पन्ने सन।

दोहा।

कारण सभ सम्पन्न सौं कार्य्य सिद्धि भयजाय।
कार्य्य बिघ्न ज्ञानक तखन विधि नहि होथि सहाय॥ ३॥

विधाता सम्प्रति अनुकुले देखैछी हेतु।

नन्दा हता राज्यमिदं गृहीतं न्यवारि राज्यार्द्धहरो विपक्षः ।
श्लोकावशेषां किल मे प्रतिज्ञां मन्ये क्रमात्पूरयिता विधाता ॥ ४

अथवा धातुश्चरित्रे कानुगतिः कस्यचिन्निस्तीर्णपारावारस्यापि तटान्तमागत्य नौर्निमज्जति । तदनायत्तस्ततो न प्रमाद्यामीति परामृष्य शार्ङ्गरवनामानं शिष्यमाहूयाऽपृच्छत । वत्स, चन्द्रगुप्तमभियोक्तुं कृतप्रयाणस्य मलयकेतोः का वार्त्ता । शिष्यउवाच । तस्मादागतेन जीवसिद्धिना कथितम् । यत्सकलबलसहितो मलयकेतुरन्तिकमेवागतः किन्तु मन्त्रिराक्षसस्य निष्कारनिस्सारणव्यावृत्त्या द्वित्राणि दिनानि पथि विलम्बितोऽस्ति राजा । चाणक्य उवाच । आः कथं राक्षसस्यापि निष्कारः किन्तु तन्निमित्तम् । शिष्य उवाच । गहनं खलु राजचरितं क्वापि निमित्तनिरपेक्षापि क्रिया सम्भाव्यते राक्षसनिमित्ते त्विदन्निमित्तं यत्शकटदासलिपिभूषितं राक्षसमुद्राङ्कितं राक्षसानुजीविना विपक्षस्थानन्नीयमानमत्र वर्त्मनि प्राप्तम् ॥

भाषानुवाद ।

हरिपदछन्द ।

चन्द्रगुप्तका राजा कयलहुँ नवहुँ नन्दका मारल ।
आधराज्य पर्व्वतपति वीरकेँ देल न झटिति संहारल ।
काथ्य आर अब थोड़ रहल अछि से सब विधि पुरताहे ।
युक्ति अवश्य मन्त्रिराक्षस पुन मिलता की करताहे ॥ ४ ॥

अथवा विधाताक चरित्र मे कोन नियम कोओ समुद्रपार उतरनिहारक समुद्र तटन्ता मे नाव निमज्जिता छोड़इछ तत अपन अधीन की तथापि उद्योगश्लथ नहि करब ई विचारि शार्ङ्गरव नामक शिष्यकेँ पूछल वत्स चन्द्रगुप्तसोँ राज्य अर्द्धार्थी मलयकेतु अबैत छलाह तनिकाको वार्त्ता । शिष्यकहल ततैसौ आगत* जीवसिद्धि कहलसे मलयकेतु बहुबनिकट आबिगेल छलाह मन्त्रीराक्षसका निष्कार काय निस्सारल से प्रतिबन्धकाओ दूइ तिन दिन पथ विलम्ब भेलैनि । चाणक्य पुछल । आः कोथा कोंन हेतु मन्त्रिराक्षसक अपमान । शिष्यकहल निश्चय राज चरित अतिगहन । कवहु हेतुहीना क्रिया सम्भाविता राक्षस निमित्त ई निमित्त शकटदासकलेख राक्षस मुद्रांकित राक्षसानुजीवी पुरुष शत्रुस्थान लेसै जाइत छल पत्र वाटमे पकड़ल गेल ।

---

* जैन सन्यासी जीवसिद्धिनामा

चाणक्य उवाच। तदिदं स्थान मेव निष्कारस्य राजा ऽपथ्यकारिणो
निष्कारं ध्रुव मनु भवन्ति सनिष्कारं निस्सारितो राक्षसः क्वेदानीं
श्रूयते। शिष्यउवाच। मानभङ्गदुःखितः क्वाप्यरण्ये भविष्यति। चाण
क्यउवाच। वत्सु घातकपुरुषेषु भिधेहि यच्चन्दनदास मानीय शूल मारो
पय। चन्दनदासं ब्रूहि यद्राक्षसः स्वकीयगृहजना स्तव मन्दिरे न्यासी
कृत्य कुसुमपुरग्रहणसमये पलायितः ता नानीय देहि. शिष्यस्तथा
कृत्वा पुनरागत्य प्रणम्योवाच। आर्य्य चन्दनदासो मित्रवत्सलो मरण
मङ्गी करुते राक्षसस्य गृहजन न्न ददाति राक्षस एव तां वार्त्ता माक
र्ण्य चन्दनदासवणिजः प्राणरक्षानरोधेन वद्धस्थान मागत्य वदन्नस्ति
यदार्य्य श्चाणक्यो मां यत्कुरुते तत्कुरुतां चन्दनदासवणिजं निरपरा
धं ममार्थे प्राणानुपेक्षितु मुद्यतं परित्यजतु चाणक्य उवाच। पूर्णा त
र्हि मम प्रतिज्ञा मन्त्रिराक्षसं ब्रूहि यदि चन्दनदासस्य सुहृदः प्राणा
न्रक्षितु मिच्छति भवान् तदा चन्द्रगुप्तस्य राज्ञो मन्त्रिता मङ्गीकृत्य स्व

भाषानुवाद।

चाणक्य कहल। तखन अपमानक हेतु राजाक अनिष्ट कर्त्ता निश्चय अपमानित हो
से अपमानित निस्सारित राक्षस मंत्री कतय एखन छथि। शिष्य कहल। मानभङ्ग दुःखि
त कतहु जंगल मैं हयता। चाणक्य कहल हे वत्स घातक लोकको कहु जे चन्दनदास
को आनि शूल पर चढावै। चन्दनदासकें कहु जे राक्षसक आत्मीय लोक अहांक घरमें
राखि पटनामे चन्द्रगुप्तक स्वाधीन समय पडयलाह सेसवको आनि देथु। शिष्यते हने कयाक
य पुन आवि प्रणाम कय कहल हे आर्य्यगुरुजी चन्दनदास तों मित्र वत्सल द्वारा अपन
मरणअङ्गीकार करैछ राक्षसक गृहिणी जन नहि बाहर करैछ परन्तु मन्त्रिराक्षस सेवार्त्ता
सूनि चन्दनदास वनिआंक प्राणरक्षार्थ आहैछथि। आर्य्य महाशय चाणक्य हमर दण्डजे
करक होइनि करथु। चन्दन दासतनिआं निरपराध हमरा हेतु प्राण त्यागमे उद्यत
कैं त्यागथु। चाणक्य कहल पूर्णाभेलि तों तृतीया हमर प्रतिज्ञा। मन्त्रिराक्षसकें कहु
जों चन्दन दास मित्रक प्राण रक्षाक इच्छा रहै अहां कौतो चन्द्रगुप्त राजाक मन्त्रिता

ङ्गं गृह्णातु। शिष्यउवाच। किं करोतु राक्षसो वराकः सम्प्रति चन्दनदासरक्षानुरोधपराधीन एवाङ्गी करिष्यति दुरतिक्रमणीयोहि कार्य्यधारापाशबन्धः। तथाहि।

> अङ्गीचकार किल वामनतां मुरारी
> रामो ध्रुवास वन मब्धि रुवाह बन्धम्।
> दन्तावला इव सृणिव्यवसायरुद्धा
> किं वा ऽऽचरन्त्र इह कालवशा त्पुमांसः॥ ५ ॥

ततो मन्त्रिराक्षसः चन्द्रगुप्तस्य साचिव्य मनभिमत मङ्गीकृत्य खड्गं जग्राह।

चाणक्यस्तु चन्द्रगुप्तराजानं प्रति निश्चिन्तो बभूव तदेव वेदाध्ययनसामर्थ्यात् नन्दं हत्वा लौकिककार्य्यदक्षतया चन्द्रगुप्तं नृपं राक्षसं मन्त्रिणञ्च कृत्वा पूर्णप्रतिज्ञः शिखा ञ्चबद्धा सोत्साहः स्वाभिमतस्थानं जगाम।

भाषानुवाद ॥

अङ्गीकारकय तरुआरि धरू शिष्य कहल एखन चन्दनदासक जीक अनुरोधसौं पराधीन स्वीकार करताह कार्य्य धाराक पाश बद्ध कष्टसौं आक्रमण थिक।

चौपाई ॥

> नारायण वामन तनधयल। कानन वास राम पुनकयल।
> बन्धन जलधि कयल स्वीकार। त्याग न कयलनि अङ्गीकार।
> अंकुश विवश जेहन गजराज। काल विवश जन किकर न काज।
> मन्त्री राक्षस परवश काज। करताह पूर्ण मनोरथ आज॥ ५ ॥

ततय मन्त्रि राक्षस चन्द्रगुप्तक मन्त्रित्व अनभिमत स्वीकार कय तरवारि धयल।

चाणक्य पुन चन्द्रगुप्त राजाक प्रति निश्चिन्त होयित भेलाह सैह वेद पठन सामर्थ्य सौं नन्द कैं मारि लौकिक कार्य्य निपुणता सौं चन्द्रगुप्त राजा ओ मंत्री राक्षस कय पूरितप्रतिज्ञ शिखा बांधि उत्साह युक्त अपन अभिमत स्थान जायित भेलाह॥

श्लोकस्तु ॥

रोषो यस्य कृतान्तपत्तनमितो नन्दान्वय प्राज्ञिणी
निर्व्विघ्नं वृषलाय नून मभव त्तोषस्तु राज्यप्रदः ।
स ख्यातः किल विद्यया च सकले बुद्ध्या च भूमण्डले
चाणक्य श्चतुराननप्रतिनिधिः केषा न्न वाग्गोचरः ॥ ६

इत्युभयविद्यकथा ॥

अथोपविद्यकथा ।

तद्यथा । विद्या श्चतुर्द्दशैवोक्ता वेदाद्या स्तत्ववेदिभिः ।
चित्रेन्द्रजालनृत्याद्या उपविद्याः प्रकीर्त्तिताः ॥ १ ॥

पूर्व्व मुपविद्यनागरौ शशिमूलदेवनामानौ सखायौ बभूवतुः । तौच गु
णदर्प्पौ देशान्तरदर्शनकुतूहलिनौ धरित्रीमण्डलं भ्रमन्ता वेकदा
कौशलाया म्पुरि कौमुदीनाम्नीं रूपयौवनवती मेकां राजकुमारीं दो

भाषानुवाद ॥

चौपाई ॥

नन्द विनाशक जनिकर रोष । वृषल राज्यप्रद जनिकर तोष ॥
विद्या मति बल जग भरि जान । से चाणक्य विरंचि समान ॥

इत्युभयविद्यकथा ॥

अथोपविद्यकथा ॥

चौपाई ।

विद्या चोदि चतुर्दश भेद । तत्वज्ञानी कहलनि वेद ।
चित्रइन्द्र जालादिक नाच । उपविद्या मैं ई सब वाच ॥ १

पूर्व्व उपविद्य मैं नागर शशि औ मूलदेव दुनू मित्र छलाह से पुन गुण गर्व्वित देशा
न्तर कुतूहली पृथिवी मण्डल भ्रमण करयित एक समय कौशलापुरी मैं कौमुदी नाम
कि रूपयौवनवती एक राजकुमारी योगनी मठ सौं अवस्थिति कां देखयित भेला तनि

गिनीमठा दागच्छन्ती ददृशतुः ता न्दृष्ट्वा मूलदेवः कामज्वरकातरो बभूव त न्तथाविधं स्मरवदनामूर्छित न्दृष्ट्वा शशी चिन्तयामास ।

सख्यं हि देहिनो रेकं देहमात्रविभिन्नयोः ।

य स्सख्यु स्सुखदुःखाभ्यां नाप्नोति सर्गत स्सखा ॥ २ ॥

ततो मम प्राणसमान स्सखा मूलदेवो राजकुमारीरूपेण मोहितः स न्दिग्धजीवनो भूतोस्ति तदास्य रक्षार्थं प्रतीकार ङ्करोमीति परामृष्य तन्नगरवासिनी न्तवर्णा मालाकारवधू मपृच्छत । अयि मालिनि केयं युवती किमर्थं योगिनीमठं यात्यायातिच । मालिन्युवाच । इयं राजकुमारी राज्ञा विवाहविधिना योग्यवराय दातु माकांक्षिता पिकमपि वर न्न स्वीकरोति किन्तु योगिनी मुपसर्प्पति योग मभ्यस्यति न ज्ञायते कोऽत्र हेतुः । शश्युवाच । मालिनि पुरुषं नाकांक्षतीति महदा श्चर्य्यम् । यतः ।

भाषानुवाद ॥

को देखि मूलदेव कामज्वर सौं कातर होइत भेला तनिका तेहन सन कन्दर्प्प वेदना मूर्छित देखि शशी चिन्ता करयित भेला ॥

दोहा ॥

देह भिन्न हो मित्रको जीव एक की प्राण ।

मित्रक सुख दुख मित्रकों की पुन सखा समान ।

ततय हमर प्राण समान मित्र मूलदेव राजकुमारीक रूप सौं मोहित सन्देह जीवन भेलछथि ततय हिनकर रक्षा निमित्त उपाय की करी ई विचारि योग्निगामक ततय ततहि रहनिहारि मालिनिकां पुछयित भेलाह अयि मालिनी के ई तरुणी कोन हेतु योगनी मठ जाइत अबइत छथि । मालिनि कहल ।

ई राज कुमारीकां राजा विवाह विधि सौं योग्य वरको देवक इच्छा करैछथि तथापि ककरहु वर नहि स्वीकार करै छथि कुमारी । किन्तु योगिनीक निकट जाइछथि योग अभ्यास करै छथि नहि जनैछी एतय कोनहेतु । शशीकहल । पुरुषकं नहि आकांक्षा करैछथि से बड़ आश्चर्य्य हेत ॥

वहिरन्तर्दिवारात्रौ स्वप्ने जागरणे तथा ।
आकांक्षति युवानं स्त्री पारतन्त्र्यात्र गच्छति ॥ ३ ॥

ततो भवती मां स्त्रीवेषधारिणं तस्याः कुमारिकाया सेवा कारयतु तदनन्तरं मालिनीगृहे मूलदेव मवस्थाप्य स्त्रीवेषधारिणा सर्व्वकला कुशलेन शशिलेखेति नाम परिगृह्य शशिना तस्याः परिजनतावलम्बिता कियतापि कालेन जातायां प्रत्यासत्तौ कुमारी मपृच्छत । भर्त्तृदारिके कुतोऽस्मिन्मदनमहोत्सवप्राये तारुण्ये भवत्याः संसारसुखोपेक्षा कुतो वा पुरुषेषु कुत्सा । राजकुमारी ब्रूते । सखि शशिलेखे कथा मिमां न प्रष्टव्यास्म्यहं भवत्या । शशिलेखोवाच । मया सन्निधानपरिचारिकया कथन्न प्रष्टव्या भवती यतः ।

पिताते स्नेहार्द्रः प्रभवति निजेनापि हृदये
निरुत्साहा माता क्षणमपि न खेदं विसृजति ।
स्वजं भृत्याभुक्ताश्रिय मिव परो वीक्ष्य भवती
मपत्यप्रारब्धं ध्रुव मनुचिते ताम्यति न कः ॥ ४ ॥

भाषानुवाद ॥

चौपाई ।

बाहर अन्तर दिन ओ राति । जाग्रत शयन दशा सभ भांति ।
परवश युवतिक मन हो आंट । ताकथि कामिनि पुरुषक वाट ॥ ३

ततय अहां हमरा स्त्री वेषधारण द्वारा तनि कुमारीक सेवा कराउ । तदनन्तर ताहि मालिनीक घर मैं मूलदेवकैं राखि सकलकला निपुण स्त्री वेषधारी शशिलेखा अपन नाम धराय शशीतनिक परिजनताक अवलम्बन कयल कतेक दिनगत सन्ता विश्वास ओ परिचय सन्ता कुमारी कां पुछयित भेला । अयि भर्त्तृदारिका कियक ई काम महोत्सव तारुण्य मैं अहांकां संसार सुखक उपेक्षा कियक वा पुरुष मैं निन्दा । कुमारी कहल । अयि शशिलेखा सखी ई कथा हमरा जनु अहां पुछीअ । शशिलेखा कहल । हम निकट निवासिनी दासी कियक नहि हम अपनेंकां पूछत ॥

चौपाई ॥

माय बाप कर बड़ मन शोच । अपनैं अयल कठिन संकोच ॥
भृत्य अपरिचित ओझन माल । सन्तति अन चित दुःख विशाल ॥ ४

ततः किं मूलकोयं तव प्रारम्भ स्तत्कथय यदि प्रतिकरणीयं भवति तदा प्रतिक्रियते नह्यज्ञाते व्याधौ चिकित्सावतरति यदि चाप्रतिक्रियमेव दुःखं तदा मिलित्वा सह्यते । तथाहि ॥

एकेना ङ्गीकृतो वोढुं दुःखभारो गुरुर्भवेत् ।
तथा ऽनेन लघुं कर्त्तुं सुहृद्भ्यो विनिवेदयेत् ॥ ५ ॥

तत्सुवासिनि कथय मे पुरुषापरिग्रहनिमित्तम् । कुमारिकोवाच ॥ सखि शशिलेखे त्व माम द्वितीयं हृदय मिव सहजस्नेहला सखी भवसि ततस्ते किन्न कथयामि शृणु ताव न्मम पुरुषापरिग्रहकारणम् ॥ पूर्व्वजन्मन्यहं प्रचुरदर्भाङ्कुरायां भूमौ चरन्ती कुरङ्गी स्थितास्मि स्वामी मम कृष्णसारो हरिणो मत्सन्निधाने तत्रैवासीत् पश्चात् सा स्थली मृगवधरसिकै र्व्याधै रागत्य जालेन वेष्टिता यदाहं पुष्टगर्भा सञ्चरितु मसमर्था स्वामिन मवादिषं रे मृग त्व मुत्फालसमर्थोऽपि जाल मुल्लङ्घ्य गच्छ क्वापि गत्वा जीव ममानुरागवद्धो मन्निमित्तं प्राणा न्न दास्यसि

भाषानुवाद ।

ततय कोन हेतुक एहारम्भ एहन से कहु जों उपाय कय सकब तों करबे नहि व्याधि जनला सों औषधक उद्योग उपाय नहि भय सकत तों सङ्गहि सङ्ग दुःख काटब ॥

चौपाई ।

भार उठावय जेहन कहार । जन अनेक मिलि की अति भार ॥
अपन सुहृद कों कहि नहि कान । लघु हो से के जन पुन जान ॥ ५

तें अयि सुवासिनि कहु पुरुषक ग्रहण निषेध निमित्त कुमारी कहयित भेलि अयि सखि शशिलेखा अहाँ हमर दोसर हृदय समान स्नेहवाली सखी थिकहु ततय अहाँ कां कीने कही शुनू तावत हमर पुरुषक अग्रहणक कारण ।

पूर्व्व जन्म में हम प्रचुर नव दर्भांकुरा भूमि में चरयित हरिणी छलहु स्वामी हमर कृष्णसार मृग तनिकां बहुत अनुराग हमरहि निकट ततहि रहैछ छलाह पश्चात् से भूमि में व्याध मृगरसिक आबि जाल लगौलक ताहि समय हम पूर्णगर्भा रहैं। संचरण में असमर्थ स्वामी कां कहल रे हरिण तोहरा फानवाक सामर्थ्य छो जालकें लांघि जो कतहु जाय जीव गय हमर स्नेहसो बांधल हमर कारण प्राण जनु दे तोर उपाय साध्य

तव प्रतीकारसाध्या सम्प्रति न मम प्रार्थना। स दुरात्मा तथापि पलायनसमर्थोऽपि न पलायितः ममानुरागबद्धः केवलं व्याधेन व्यापादितः। किन्तु मरणसमये मय्यर्पितदृष्टिः पद्यमिदं पठितवान्। तद्यथा

तौ कामाख्यव्यसनचतुरौ तौ कलानां विदग्धौ
सत्प्रेमाणौ सपदि शिवयोस्तौ तुलामाप्नुवन्तौ।
जातौ वंशे महति किल तौ धर्म्मशृङ्गारिणौ तौ
प्राणान्तेऽपि त्रुटति न ययो राज्ञ्योः प्रेमतन्तुः॥ ६॥

तत्परोक्षं त्वहं व्याधशरैरभिन्नैव स्वामिशोकभिन्नहृदया मृतास्मि ते न स्वामिभक्तिजन्मना पुण्येन जातिस्मरत्वमाप्य राजकुमारीवृतास्मि तदस्मिन् जन्मनि तैस्तैर्गुणैस्तस्य स्मरन्ती यत्नादपि तमनाप्नुवन्ती पुरुषान्तरमहं वीक्षितुं नोत्सहे किम्पुनर्व्वरयितुम्। शशिलेखोवाच। भर्तृदारिके स इदानीं क्वास्ति न जानाति भवती। कुमारिकोवाच।

भाषानुवाद॥

एखन नहि हमर रक्षा से दुरात्मा तैयो पलायन सामर्थ्यसन्ता नहि पड़ायल हमर अनुराग बद्ध केवल व्याधक हाथ प्राण देलक किन्तु मरणकाल हमरहि देखयित एक पद्य पढ़लक से सुनू॥

षटपद॥

से दम्पति कामाख्य व्यसन मैं चतुर कहावै।
सकल कलाक विदग्ध प्रेम गुण गुणि गण गावै॥
से दम्पति हर गौरि दिव्य उपमा कौं पावै।
महावंश मै जन्म धर्म्म शृङ्गार बढ़ावै॥
हमर तोहर प्राणान्त मैं प्रेमरज्जु नहिए टुटल।
लोचन लोचन मिलि मरब काल पास ककरा छुटल॥ ६

हुनक परोक्ष हम बिना व्याध शर लगलहि स्वामि शोकसौं हृदय विदिर्ण भय मुइलहु सेहे स्वामि भक्ति प्रभाव पुण्य सौं पूर्व्व जन्म वृत्तान्त स्मरण सौं एतहु राजकुमारी भेलिहो तैं एहि जन्मैं हुनक से से गुण स्मरण करयित यत्नहुसौं हुनि पुरुष कां विनु देखने अन्य पुरुषक दर्शनक इच्छा नहि कतय पुन तनिक वरन। शशिलेखा कहयित भेलि। अयि कुमारि सेएखन कतय छथि सेतहि अहांजनेछिऐनि। राजकुमारी कहय

जातिस्मरत्वेन पूर्व्वजन्मवृत्तान्तं स्मरामि इदानीं जन्मान्तरे कृतदेहान्तरपरिग्रहः कथं मया परिचेतव्य इत्यभिधाय रुरोद शशिलेखोवाच। भर्तृदारिके समाश्वसिहि२ दैवाधीनोऽत्र प्रतीकारः ततस्तेन स्त्रीवेषधारिणा शशिना सा कथा मूलदेवाय गत्वा कथिता।

स्वयं पुनरागत्य कुमारीसन्निधानमलभ्यत मूलदेवस्तु चित्रविद्यायां साभ्यासः तत्कथाश्रवणेन सकलहरिणवृत्तान्तं चित्रपटैकदेशे लिखित्वा द्वितीयप्रदेशे राजकुमारीमात्मानञ्च लिलेख पश्चात्तं चित्रपटं नीत्वा राजकुलमागत्य राजकुमारीन्दर्शयामास कुमारी तन्दृष्ट्वा पूर्व्वजन्मवृत्तान्तं स्मृत्वा रोदिति स्म तां रुदतीं दृष्ट्वा। शशिलेखोवाच। कुमारी भवत्या किं रुद्यते रे पापचित्रपटधारक धूर्त्त किं दर्शितवानसि येन सख्या मिन्या श्चेतसि कष्टमुत्पद्यते। कुमारिकोवाच। सखि न वक्तव्या परुषवागस्मै नायं पापी नवा धूर्त्तः किन्तु मम प्राणनाथोऽयमेवेति प्रतीहि। शशिलेखोवाच। कथम्परिचेतव्यः कुमारी अब्रवीत्।

भाषानुवाद।

हमरा पूर्व्वजन्मक तेहन नहि स्मरण से द्वितीय जन्ममें द्वितीय देहधारण कय कतय छथि से हम कोन तरह जनवैन्हि ई कहि मुक्तकण्ठसौं रोदन करयलगली। शशिलेखा कहल। अयि राजकुमारी चुप होउ२ दैव लागल बात अछि ततय से स्त्री वेषधारी शशी मूल देव कों जाय से से वृत्तान्त कहि आएल॥

अपने पुन आवि कुमारीनिकट रहय लगलाह मूलदेव सकल चित्रविद्यामें निपुण तनिक कथा श्रवण सौं सभटा हरिण वृत्तान्त चित्रपटमे लिखि द्वितीयपृष्ठमें चित्रपटक राजकुमारी ओ अपनस्वरूप लिखयित भेलाह। पश्चात से चित्रपट लयकय राजद्वार जाय राजकुमारीका देखवयित भेलाह ओ कुमारी से देखि। पूर्व्वजन्म वृत्तान्त स्मरणकय रोदन करयलगली तनिका कनयित देखि। शशिलेखाकहल। अयिराज कुमारी अहां कियककनैछी। ई पापी चित्रपटधारी धूर्त्त की देखौलकनि अछि जाहिसौं हमर सुवासिनीक मनमें कष्टउत्पन्न होइछैनिह कुमारीकहल। अयिशशिलेखा। नहि काहु कठोरवचन छिन्न का नहि ई पापी नहि ई धूर्त्त किन्तु हमर प्राणनाथ सैह जानि लिय। शशिलेखा कहल कोनगत परिचित। कुमारीकहल परिचित ई चित्रपट दर्शन द्वारा शशिलेखा कहल। चित्रकी धूर्त्त नहि दिखाए सकैछ। कुमारी कहल में ओ हमर जन्मान्तर कथा

परिचित स्वज्ञानेन छिन्नपटदर्शनेन । शशिलेखोवाच । छिन्नधूर्त्तः किन्दर्शयितुं न क्षमते । कुमारिकोवाच । क्षमते यदि जानाति मम जन्मान्तरकथां धूर्त्तः कथं जानीते । शशिलेखोवाच । यदि भवत्या क्वापि प्रकाशितं स्यात् तदा जानाति । कुमारिकोवाच । मया त्वय्येव प्रकाशितम् । शशिलेखोवाच । यत्स्वहृदि न प्रकाशितं गोप्यवस्तु मेवानेन प्रकाशितेन यदिद मन्यः कोऽपि जानाति तदा निश्चित मयमेव भवत्याः स्वामीति निर्णीय तदानीं मूलदेवः समाहूतः पश्चात्सर्व्वं निवेद्य तया कन्यकया तौर्य्यत्रिकपुरस्कारं मूलदेवस्य विवाहं कारयामास छिन्नविद्ययैव मूलदेवो लब्धमनोरथो बभूव । तथाहि ।

जायते न भुवि विद्ययाऽपिया वेदशास्त्रविदुषां महेश्वरात् ।
चित्रगीतकविताकलाविदां सापि सिद्धिरुपविद्यया भवेत् ॥ ७

इत्युपविद्याकथा ।

भाषानुवाद ।

जनै कथि तैं चित्रलिखनमें हम कथि धूर्त्त कोनतरह हमर जन्मान्तरकथा जानि सकैछ । शशिलेखा कहल । जौं अहां कतहु वाजलि होयब तैं जनैछ धूर्त्त । कुमारी कहल । हम तौं केवल अहींकां कहल । शशिलेखा कहल । हम अपनहु हृदय में नहि प्रकाशल एहन गुप्त वृत्तान्त प्रकाश कयल जे आन कें ओ नहि जनैछ तैं हमरो मन मानैछ जे ई अपनेक स्वामी ईं निश्चयसत्ता तखन मूलदेवक अतिशय आदर भेल पश्चात् सब वृत्तान्त लोक बुझलक ताहि राजकन्या सौं नाना वाद्य उत्सव पूर्व्वक मूलदेवक सङ्ग विवाहकर वाय देल चित्रविद्याहिसौं मूलदेव पूर्ण मनोरथ होइत भेलाह ॥

दोहा ॥

जेम सिद्धि हो ईश सौं बुधकां विद्यापाय ।
चित्र गीतिकविकोविदक उपविद्याक सहाय ॥ ७

इत्युपविद्याकथा ॥

अथ गीतविदरकथा ।

गीतेन विदरथा यस्तु प्रमोदयति जीविनः ।
गीताब्धिंतयशोराशि र्गीतविदर स उच्यते ॥ १ ॥

बभूव गोरखपुरे राजधान्यां उदयसिंहो नाम राजा स च सर्व्वगुणा ना मनुरागी विशेषज्ञो वदान्यश्च तेन गुणिन स्त माश्रयन्ति । एकदा कलानिधिनामा गायनः तीरभुक्तिराष्ट्रा त्तत्र जगाम राजदेवार्च्चन काले गीतानि गायन् स सर्वै स्सभास्थैस्तुतो राज्ञा काञ्चनैः पूजितश्च तस्य स्तवं श्रुत्वा पूजान्दृष्टा तद्देशीयगायना सर्व्वे सामर्षा बभूवुः तेन सर्वं वद्धस्पर्द्धा स्तन्निन्दा ञ्चक्रुः राज्ञ निवेदयामासुः । देवगायनोऽसौ विदेशी नाममात्रेण कलानिधि रस्ति गीतकला ज्ञामपि न जानाति देवः कथ मेनं पुरस्करोति ।

अविज्ञत्वं यथा राज्ञो गुणिना मपरिग्रहात् ।
परिग्रहा च्च मूर्खाणा न्तथा लोकेषु जायते ॥ २ ॥

भाषानुवाद ॥

दोहा ॥

जे गीतहि विद्यहि सुबुध । कर सब प्राणि सहर्ष ।
गीतार्णव यश भुवन में गीत विद्य उत्कर्ष ॥ १ ॥

छलाह गोरखपुर राजधानी में उदयसिंह नामक राजा से पुन सकल गुण अनुरागी विशेषज्ञाता ओ दाता तैं हेतु बहुत गुणीलोक ततय आबथि एक समय कलानिधि नामक गायक तिरहुति राज्य सौं ततय आबित भेला ओ राजाकां देवता पूजाक समय गीत गबइत सन्ता ओ सकल सभाक लोक सौं प्रशंसित राजा कांचन सौं पूजित भेला । तनिकां प्रशंसा सूनि ओ पारितोषिक देखि ताहि देशक गायन लोक अमर्ष सहित भेला तनिकां सङ्गै स्पर्द्धा बांधि निन्दा करयित भेला । राजाकां कहल । हे महाराज कलानिधि विदेशी नामहि सौं अछि गीत कला कीनो नहि जनैछ महाराज अपनैं कियक अतिशय आदर करैछी ॥

दोहा ।

जतय गुणिक सम्मान नहि मूर्खक हो सम्मान ।
नृपक अयश होइछ ततय कहथि नीति विधान ॥ २

राजोवाच। अरे गायना एतस्य गीतेन मम हृदय ममृतसम्भावित मिव भवति यूय मनुभवविरुद्धं किं वदत यदयं गुणी नास्ति। गायनाऊचुः तर्हि मध्ये सभं तस्यास्माकञ्च गीतकलां विचारयतु देवः। राजोवाच। कलानिधे देहि त्व मेषां वचस्युत्तरम्। कलानिधिरुवाच। देव नायं प्रत्युत्तरस्यावसरो न गानसमयः। यतः।

श्रोता यदासौ हरसिंहदेवो गाताहमास्म नृपते तदैव।
मधा वतीते मधुरस्वरेण न पञ्चमं गायति कोकिलोऽपि॥ २॥

अपिच। यच्कर्णपानत्यसुधारसेन श्रोतार माराधयति स्वरेण।
स्वर्गस्थ तत्वं त्रिदशा वदन्ति भूमावहं गायन एक एव॥ ३॥

गायना ऊचुः। देवमहान स्यमद स्तद्विचारयतु भवान्। राजोवाच। अहोतीरभुक्तीयाः स्वभावाद्गुणगर्व्विणो भवन्ति। कलानिधिरुवाच।

भाषानुवाद॥

राजा कहल अरे गायन हिनक गीत सौं हमर हृदय अमृत संभ्रावित सन होइछ तैं उचित हिनक आदर हम करैछी तोहरा सबहि प्रत्यक्षे विरोध कथा की वजैछह जे ई कलानिधिगुणिए नहि। गायक लोक उत्तर देल। तौं सभा मध्य तनिक हमरा सबहि कगीत कलाक विचारकयलजाय अपनहि महाराज। राजा कहल कलानिधि दिऔनि एते गोटाक वचनक उत्तर। कलानिधि कहल नहि सम्प्रति ई हमर उत्तरक अवसर नहि गान समय हेतु॥

दोहा।

श्रोता जौं हरसिंह नृप गायक हम तहि ठाम।
गत वसन्त कोकिलक स्वर नहि पंचम अभिराम॥ २॥

सोरठा॥

जे स्वर सुधासमान श्रोता जन मन हरण कर।
स्वर्गतक्ष विज्ञान त्रिदश भूमि गायक हमहि॥ ३॥

गायनलोक कहल हे महाराज महान गर्व्व हिनक से अपनहि विचारल जाय। राजा कहल। आश्चर्य तिरहुतिया स्वभावतः गुणगर्व्वित होइ छथि। कलानिधि

देव नाहं गर्व्वी किन्तु यथार्थं निवेदयामि मया गातव्यं भवदीयैश्च गायनै र्गातव्यं तदुभयगीतविशेष एकेन विचारणीयः।

हरोवा हरसिंहोवा गीतविद्याविशारदौ।
हरसिंहे गते स्वर्गं गीतवित्केवलं हरः ॥ ४ ॥

यदि परमेश्वर स्साक्षा दागत्य विचारयति तदाहं स्पर्द्धया गायामि। गायनाऊचुः। देव परमेश्वरो भगवान् दुर्लभ एव अन्यमध्यस्था न्नायं स्वीकुरुते ततो मध्यस्थापरिग्रहः कलानिधेः पराजयलक्षणं दृश्यते कलानिधिरुवाच। एवञ्चेदुष्माभि र्देव स्वीक्रियतां मध्यस्थकृतस्याग्रेगास्यामि। गायनाऊचुः।

एतद्देशीयोऽयं त्वत्पक्षपाती ज्ञातव्यः ततो गीतविदो हरिणा एव भवन्ति ते पशवः कस्यापि पक्षपातिनो न भविष्यन्ति तेषा मग्रे गास्यामः। कलानिधिरुवाच। हरिणाः पशवो गीतरसलम्पटा येन केनापि

भाषानुवाद ॥

कहल। हे महाराज नहि हम गर्व्वी किन्तु यथार्थ निवेदन करैछी हमहु गबैछी अपनैक गायन लोकगावथु तकर दुहुक विशेष के विचार करत हेतु ॥

दोहा ॥

की हर की हरसिंह नृप गीति रीति विज्ञान।
स्वर्ग गेला हरिसिंह पुनि छथि गौरीश महान ॥ ४ ॥

जौं परमेश्वर साक्षात् आवि विचारथि तौं स्पर्द्धा पूर्व्वक हमगान करी। गायनलोक कहल। हे महाराज परमेश्वर भगवान दुर्लभ अन्यव्यक्ति केओ साक्षीये नहि स्वीकार करैछथि तेहि हेतुसौं कलानिधिक पराजयक लक्षण लक्षित होइछ। कलानिधि कहल एहन जौं तौ अहां सबहि स्वीकार करु मध्यस्थकृतक आगा हम गायब। गायन कहल ॥

एहि देशो तौं हमर पक्षपाती बुझब तौं गीत रसवेत्ता हरिणगण होइछ से पशु ककरो पक्षपाती नहि हयत तकरहि आगा गायब। कलानिधि कहल। हरिण तौं गीतरस

गीतेनापहृता भविष्यन्ति यदि पशवो मध्यस्थाः स्वीकर्त्तव्यास्तदा गावो भवन्तु मध्यस्थाः । एवमुभयानुमत्या गावो मध्यस्थाः कृताः राजा च कुतूहली बभूव । व्यवस्थेयं यत्तृषार्त्ताः पानीयमुद्दिश्य गच्छन्तो यस्य गीतेन पानीयपानं परित्यज्य जलाशयनिकटात् गीतरसलोभेन निवर्त्तन्ते स एव गायनः पूज्यो भवति पश्चात्तथा क्रियमाणे विचारे कलानिधिना जितं राजपूजा च लब्धा ॥ श्लोकस्तु ॥

अवशहृदयवन्तं जीवितंजीवलोके
पशुमपि परितुष्टंगीतविद्या करोति ।
पशुजनपरितोषे यस्य विद्या समर्था
प्रभवतिपरितोषस्तद्विदांकिन्नतस्मात् ॥५

इतिगीतविद्यकथा ॥

भाषानुवाद ॥

कपट जकरे तकरे गीत सों मोहित होइक जों पशु ए मध्यस्थ अङ्गीकार तौ गाय मध्यस्था होथु एहन दुहुजन अनुमति सों गाय मध्यस्था कैलिगेली राजा कुतूहली होइत भेला व्यवस्था एहनि । जे तृषार्त्ता गाय जलाशय देखि सञ्चरलाय से जनिक गीत श्रवण सों पानीय पान त्यागि जलाशय सों निवृत्त हो से गायन पूज्य होथि पश्चात् तेहन करहिं सन्ता कलानिधि जीतल राजासों सम्मान पाओल ॥

पशुसन जन मन हरण कर गीत विद्या जन नाम ।
पशुतोषक विद्या जनिक तनिक तोष कठाम ॥ ५

इतिगीतविद्यकथा ॥

अथनृत्यविद्याकथा तद्यथा ।

गेयाभिनेयकाव्यानां विद्यानां त्वालगर्व्विता ।
रसानां आश्रयो नित्यं तेन तुष्यति शङ्करः ॥ १
भरतस्तु। द्रुहिनु श्रूयते ब्रह्मा शक्राद्याऽभ्यर्थितः पुरा ।
आकाराऽऽकृष्य वेदेभ्यो नाट्यवेदन्तु पञ्चमम् ॥ २
ऋग्भ्यः पाठ मभूद्गीतं सामभ्यः समपद्यत ।
यजुर्भ्योऽभिनया जाता रसाश्चाथर्व्वणः स्मृताः ॥ ३
तत्रनृत्यं द्विविधं तथाच भरतः ।
स्त्रीनृत्य मुच्यते लास्यं पुन्नृत्यन्ताण्डवं तथा ।
गौरी तुष्यति लास्येन ताण्डवेन महेश्वरः ॥ ४ ॥

भाषानुवाद ॥

अथनृत्यविद्याकथा ॥

दोहा ॥

गान काव्यविद्या सकल रस आश्रय थिक गांच ।
ताते हर्षित नित तोषयुत जे हिशों रस सुखपांच ॥ १

चौपाई ॥

भरतवचन । पूर्व्व काल विधिसों अमरेश । कयल प्रार्थना रचि तेहि देश ॥
सकल वेद सों अयल अहार । पंचम वेद नाट्य व्यवहार ॥
ऋकसों पाठ्य सामसों गीत । अभिनय यजुर्व्वेद सों रचीत ।
रस अथर्व्व सों भेल संचार । नृत्य द्विविध से कयल विचार ॥ ३
स्त्रीक नृत्य से लास्य कहाव । ताण्डव पुरुष नृत्य युत भाव ।
गौरीकां प्रिय लास्ये नीक । शंकर कां ताण्डव प्रिय थीक ॥ ४

भरतोप्याह । न तच्छास्त्रं न तच्छिल्पं नसा विद्या न साकला ।
न तज्ज्ञानं नवा योगो नाटके यन्न विद्यते ॥ ५

ततश्चाक्षप्रीतिहेतुत्वाददृष्टफलहेतुः प्रीतिहेतुत्वात् दृष्टहेतुत्वञ्चेति दृष्टादृष्टसुखदं नाटकं भरतोऽपि तथैवाह तद्यथा ॥

लीलेयं धनिनां धृतिस्तु सुखिनां शिक्षा प्रमत्तात्मनां
संसारस्थिति रीदृशीति विरति र्ज्ञानां विधा योगिनाम् ।
प्रीतिः काव्यरसाशिनां नवनवा कीर्त्तिष्कवीनामियं
विद्यानाटकसंज्ञिका भगवती विश्वोपकारक्षमा ॥ ६

बभूव गौड़देशे लक्ष्मणसेनो नामराजा तस्योमापति र्नाम मन्त्री गन्धर्व्वनामानटश्चासीत एकदा राज्ञः सर्व्वावसरे स नट कृतस्नानः चन्दनबिन्दुभूषितललाट स्सभामाजगाम तं दृष्ट्वा मन्त्रिणा कौतुकेनोक्तम् । अये

भाषानुवाद ॥

दोहा ।

शास्त्र न शिल्प नहि से विद्या न प्रधान ।
कला न योग न ज्ञान से जे नहि नाट्य विधान ॥ ५

ततय मङ्गादिक प्रीति हेतु सों अदृष्ट फल द्रष्टाक प्रीति हेतुसों दृष्टहेतुत्व पुन दृष्ट अदृष्ट सुखदनाट्य कहल भरत ॥

नरेन्द्रछन्द ॥

लीला ई धनि जनक सुखी धृति मत्तक शिक्षा जानक ।
संसार स्थिति एह नि अदृषि ई विरति योगि मन मानक ॥
काव्यरसिक जन प्रीति कीर्त्ति थिक सुकविकँ नाटक विद्या ।
संसारक उपकार कारिणी भगवति थिकि अनवद्या ॥ ६

भेलछलाह गौड़देशमे लक्ष्मणसेन नामकराजा तनिकाउमापति नामक मन्त्री औ गन्धर्व्व नामक नर्त्तक छलथिन एकसमय राजाक सकल अवसर सभामें ओ नर्त्तक स्नान कयके चन्दन बिन्दु सों शोभितललाट ततय अवइतभेला। तनिकाँ देखि मन्त्री कौतुक

गन्धर्व्व सविन्दुमौलि दृश्यते तत्किं नटं। गन्धर्व्व उवाच। उमापतिधर पश्यसि कण्ठे चन्दनविन्दु तस्मान्नटोऽस्मि। ततो राजा स्मेराननो बभूव। मन्त्री उमापतिधर स्सकोप अये अधम नट चारण जयाजीव कथमेतादृशः प्रगल्भवाग्वदसि तव ज्ञानेनाहं उमापतिधरः तत्किं मनड्वान् भवामि। नटउवाच। भवता प्युक्तं यथा ककारः शिरोविन्दुना कं भवति तथा त्वं नट मिति नटं च कुपठितं मूर्खं क्लीव ष्वाभिधत्ते। तदुत्तरं मया कृतं यदहं विन्दुद्वयात्मकेन विसर्गेनोपेनाऽलंकृतः कट्वटः सर्व्वज्ञोऽस्मि। उमापतिधरउवाच। सर्व्वज्ञोसि तर्हि नाटय भवभूतिकविकृतस्योत्तरचरितनाटकस्य छायाऽभिधानः मङ्क माश्रित्य रामचेष्टितम्। नटउवाच। नाटयिष्यामीति स राजा सकौतुकं न्तस्मै मसीसम्भृति न्ददौ पश्चाद्वृत्तेच रङ्गाऽवसरे रामभूमिकां परिगृह्य नृत्य मारेभे। नृत्यञ्च सीतास्पर्शनार्थी स्पर्शमनासाद्य भूमौ निपतितो रामतादात्म्यात्तनुं त्यक्त्वा मुक्तो बभूव।

भाषानुवाद ॥

सों कहल आचो गन्धर्व्व विन्दुसहितभाल अहाँक देखला जाइछ तँकी अहाँ नटं। गन्धर्व्व उत्तर देल। उमापतिधर देखू हमरा कण्ठमें चन्दन विन्दु तत नटः हम छिकहु राजायुनि ईषतहसितमुख होयितभेला। मंत्री उमापति धरक्रोध सों कहल। रे अधम नर्त्तक चारणयुवतीजीवकीना एहनप्रौढकथावजलें तोहरा ज्ञानें हम उमापति धरछेकी वृषभ थिकहु। गन्धर्व्व कहल। अपनहु कहल जेना ककार मस्तकपर विन्दु सोंकं होइछ तेहिना नटं तोह नटं कुपठितंमूर्ख नपुंसक कहल जाइछ। तकरउत्तर हम कयल जे विन्दुद्वयभेल विसर्ग ताहिसो भूषित जेना कः तहने टः नाम हमसर्व्वज्ञ थिकहु। उमापति धर कहयितभेला सर्व्वज्ञछहतों नाचह भवभूति कविकृत उत्तरचरित छायाभिधान अंकक आश्रयणाकें रामचेष्टित। नटउत्तरदेल नाचब। राजा कौतुकसहित तनिकां मसीसंभृति दयितभेला पश्चात सम्यक नृत्य सामग्री सन्ता आङ्क अवसरमें रामक स्वाङ्ग ग्रहणकी नृत्य आरम्भ कयल॥

नचयित पुनि सीतास्पर्शनकाम स्पर्श अप्राप्त सन्ता भू भिमे खसयित भेला। राम हम एहन अपनामें सत्यभावनासों शरीर त्यागि मुक्त होयित भेला॥

श्लोकस्तु। सोऽरण्यग्रामान्तो सकट विटपा छन्द सैव स्थलीयं
सीता सैव स्पृशति हृदयं सोह मेवा स्मि रामः।
एवं कान्ता विरह विलप न्नामतादात्म्यदिग्धो
नृत्यावेशा न्मुनि रिव नटो विष्णु सायु ज्यमाप॥

इति नृत्यविदग्धकथा।

भाषानुवाद॥

कुण्डलिया।

